

### 1. Kecap “AGAMA” (AGAMA PARAHYANG-NUSANTARA).

HA-GAMA (Ha=Hana=kang Hana=Nu Aya=GUSTI; jeung Gama=patokan/TATANAN)  
<http://sukapura.files.wordpress.com/2014/03/ageman.pdf>

### 2. PERCAYA NGAGEM

Raména jaman Ayeuna Carita “ngaran” AGAMA baheula ajaran Parahu - HyangNa :  
Lafadz Allah = Hyang/Gusti/Tuhan. Dina Sajarah Natanagara Nusantara : =

\*Ngaran raména dikaitkeun “dinisbahkeun” kana ngaran TATANAN Nagarana /Tokoh\*  
Sadayana-na ogé pada ngajalankeun Ajaran Para-Hyang kawéntar Carita Parahyangan.

<http://sukapura.files.wordpress.com/2014/03/ageman21.pdf>

### 3. SAJARAH AGAMA & MERTAHANKEUN!

Sampurasun...

Salajengna :

**Mar 28, 2014, Gunawan Yusuf Miarsadireja Nyerat :**

||---kuring geus maca eta naskah kaasup sabaraha naskah sejen, lain wae tina eta tulisan tapi tina sababaraha buku sejen, kasup tulisan ti tokoh tokohna, kaasup survey lokasi di cigugur, ciparay,---||---logika-na kieu bae urang baduy nu ngagem sunda wiwitan asli nu geus ratusan taun cicing di banten (nu masarakatna fanatik kana islam) tara diganggu komo deui aya pacokredan---||---, ieu komunitas di luar baduy mani gampang pisan nuduh yen **urang islam** sok ngalakukaeun panindesan tos ratusan taun deui ka eta komunitas, naha eta nu diajarkeun ku eta komunitas ?

(-----Seratan diluhur ku sim kuring nganggo penggel---||----) :

||--Aduh geuning éta Kang Gun... sakitu Lébar jeung jerona Mapay-mapay “sajarah”na, tangtos munel eusina ogé. Nuhun..nuhun.

Catatan :“Keyakinan masyarakat Baduy bersumber dari ajaran Sunda Wiwitan. Ajaran ini melahirkan pikukuh sebagaimana titipan Karuhun (Luluhur).”

||--Logika-na deui, naha sakur-sakur anu ngahormat, ngajalankeun Ageman-na **Karuhun** (Luluhur-na) anu diluar Baduy KUDU sarua ngajalankeunnana sapertos Urang Baduy anu katingal jaman ayeuna!!!, pédah sarua aya kecap “**Karuhun** (Luluhur-na)” **kitu!!!...?**

Upami Logika-na Kang Gun sapertos kitu, lajeng aya “komunitas” /masyarakat anu ngaku ngagem Sunda Wiwitan, masyarakat ieu langsung dicap! ngagem Sunda Wiwitan PALSU, lain ti Karuhun tapi ti Jurig /Belis ..jrrd!!!. Sabab anu ti Karuhun mah aya di Baduy.????

Taaah...sedengkeun pikeun nangtukeun /ngahukuman dina perkawis AGAMA (Ad-Diin) kudu SASMITA /'Ainal-yaqin "Siddiq" naha ti Jurig/Belis...atawa memang SAJATIna Karuhun /Ruh SUCI?, teu cukup ku ukuran Logika /Akal panon Dzahir manusa, margi jalan pikeun dugi kana 'Ainal-yaqin, urang kudu apal heula kana ngabédakeun Raga kalih ruhNA "Muutu qobla 'antal mauta" téa!, dadasar ngeunaan ROH, kanggo pangemutna tiasa di Download ROH /RUH-ARWAH :

[http://sukapura.files.wordpress.com/2014/03/ruh\\_facebook.pdf](http://sukapura.files.wordpress.com/2014/03/ruh_facebook.pdf)

FB : <https://www.facebook.com/notes/agus-wirabudiman/roh-ruh-arwah/10151950705431394>

Salajengna urang longok SAJARAH AGAMA kalih MERTAHANKEUN-nana

### 3.a. SAJARAH :

Islam di Sunda geus sumebar 2 abad samemeh Wali 9

<http://sunda.andyonline.net/2011/07/islam-di-sunda-geus-sumebar-2-abad.html> : =

"Tina naskah-naskah kuno bisa dicindekeun yen agama Islam teh saenyana geus sumebar di tatar Sunda jauh saméméh Dewan anu Salapan aya," ceuk Undang Darsa, M.Hum., salah saurang ahli pilologi nu kawilang nyongcolang. Anu dimaksud Déwan Salapan ku ieu dosen Universitas Padjadjaran (Unpad) Bandung téh taya lian iwal ti Wali 9.

**Dina sajarah lokal di Cirebon**, disebutkeun Bratalagawa sanggeus nganut agama Islam jeung ngalakonan ibadah haji datang deui ka **tatar Sunda** taun 1337 Maséhi. Katelah ku sebutan Haji Baharudin nu sanggeus mukim di Cirebon sarta **nyebarkeun Islam** dijulukan Haji Purwa Galuh, duméh Bratalagawa téh urang Galuh munggaran nu munggah haji.

-----||-----dst

Amit ampun paralun Neda Widi Ka Gusti Nu Maha Ngatur, lajeng widi ka papada (Ahli Sejarah, Ahli Agami, Ahli Pilologi..dst), lajeng widi ka luluhur khususna ka Eyang Bratalagawa katelah Paku Haji /**Haji Purwa Galuh**, Lalakon Bratalagawa anu kapungkur tukang Lalayaran **dagang** ka wewengkon Sumatera, Cina, **India**, Srilanka, tepi ka **Arab**, **Kiwari baris dibuka**, PASTÉN Hirup Nu Maha Ngatur pikeun Eyang Paku Haji, Lalakon hirup-na pikeun Caturkeuneun ka anak-incu Jaman **kiwari** dina perkawis **Agami**.

Ringkesna baé :

1. **Bratalagawa**, naha mantenna ngagem Kapercayaan ka Gusti /atawa heunteu nuju salami lalayaran dagang téh???, Percaya, Ngagem!, Ageman-nana sakumaha Ajaran anu diagem ti Bapak, Aki, Buyut, Bao (Karuhun)...dst. Margi mantena sering lalayaran dagang,

mangbulan-bulan, mangtaun-taun antukna kolot umur dijalan /pangumbaraan (tempat Dagang). Srog ka lembur pangumbaraan (pikeun dagang) dugi di wewengkon **India**, ari elmu dagang “lamun hayang payu dagangan-nana” kudu deukeut jeung masyarakat satempat “konsumen /calon anu rék meulina-na”.

**A.) Nalika** katempo ku **Panon**, kacatur ku **Carita**, Ritual Ciri + Cara “Syari’at”-na Urang Hindi (India) dina ngajalankeun Kaagamaan-nana, aya kamiripan jeung nu diagem Bratalagawa waktu harita dina HAL : **(1)**. Nyeungeut menyan /dupa, **(2)**. Nyasajén /Nyuguh /Ngukus, **(3)**. Ngagungkeun /Ngahormat ROH /Ruh-Arwah Luluhurna. **(4)**. Loba patung-patung /Candi ditempat ritual-na.

**B.) Nalika** srog ka lembur pangumbaraan (pikeun dagang) di wewengkon ARAB (Jazirah Arab), Bratalagawa salaku bangsawan terah Raja Galuh, ku Bangsawan di Jazirah Arab di **Kafir**-keun, di **Musyrik**-keun “margi Non Muslim” /teu ngajalankeun Ciri + Cara /“Syai’at Islam” sakumaha Ritual **Bangsa**-wan **Arab**-téa, atuh kantenan baé ageung kana matak!!!..., matak kirang laku barang dagangan (moal bisa balik ka-Lembur)!!!...hehe ☺, katurug-katutuh Ajaran Islam di Jazirah Arab-na dina mangsa Tahun 1300an (**Abad 14**) Masehi keur haréng-héng Silih Sesatkeun, Silih Musyrikkeun, Silih Kafirkeun, Silih Bobok, Silih Tarok ku masalah Sajarah BANGSA-na katut Ka-Agamaan nana, sakumaha anu paratos di jelaskeun ringkesna dina TABAYYUN-II, hal:8-10.

Pon nya kiiiituuu... Bratalagawa Kaya Harta (Sodagar) nalika Ibadah Haji ka Baitullah, Sholat boh ngurilingan “Ka’bah” /thowaf-na (Cara Ritual-na), dititénan sabudeureun Ka’bah (Wangunan Jangkung Badag, Pasagi Opat dituruban lawon Hideung) weléh teu manggihan **Sasajén**, teu manggihan **Parupuyan**, teu manggihan **patung** disabudeureun BAIT-ALLAH téh, ngan disunnahkeun cenaah nyium **HAJAR Aswad** (Batu Hideung) anu ditunda, diliangan BULEUD juru Ka’bah nyagkerok di jero!!!.

Cag...urang tunda nepi kadieu, Bratalagawa nuju ngajalankeun ritual Haji di Jazirah Arab, urang longok Bratalagawa saporantosna ti Haji, saurnah **salin Nama**, salin baju **Pamaké**, kecap ngaran ASALna Bratalagawa = Batara-Lagawa (ngaran tina Ageman Ka-Bataraan ti **Kolotna**) janten Haji Baharudin. Kecap “Haji Baharudin” tina bahasa arab, gelar Haji jaman kiwari jadi budaya instilah “gelar” pikeun ummat Islam di Indonesia anu parantos ngalaksanakeun Ibadah Haji. Sedengkeun kecap “Baharuddin” tina kecap bahasa arab

“Baharun;Ad-Din”, Baharun=Laut; Ad-Din=Agama; Laut Agama /Lautan Agama /Agama Laut, nyurupkeun nana mah kumaha raosna baé. Upami ngalongok **SAJARAH**na diluhur, meunang Pamaké /**Agem** /Baju-na ti **sabrang-ngeun** pulo **Sumatera** (Nyabrang **Laut**).

2. **Haji Baharudin, nyebarkeun Islam** di Tatar Pasundan (SUNDA) kawit di Cirebon, dina pamadegan-nana waktu harita Ciri “**Syi’ar**” + Cara “**Syari’at**” Ritual Kapercayaan ka GUSTI anu dijalankeun ku KaRajaan Galuh boh masyarakat Galuh-na éta sarua jeung anu dilakukeun ku Tokoh Agama+Masyarakat **India**, boga kasimpulan waktu harita yén Agama anu diterapkeun di Karajaan GALUH meunang nyonto Ajaran Agama India, dina pikirna (Haji Baharudin) teu aya salahna lamun dirina salaku terah Bangsa-wan Galuh nerapkeun Ciri “**Syi’ar**” + Cara “**Syari’at**” Ritual meunang Ajaran Agama ti Arab-na.

Haji Baharudin anu munggaran salin Baju Pamaké, kawentar disebutna Haji Purwa Galuh, nyebarkeun /da’wah ka kalangan Istana Karajaan pon kitu teu kalangkung ka Rahayat Galuh-na, materi Da’wah-na Tauhid, Syahadat, Bid’ah, Syirik, Kafir jeung sajabana, sakumaha ilmu meunang ti PANYABAAN téa.

### 3.b. MERTAHANKEUN!

Catetan Panumbu Carita Pakwan Pajajaran : Pada Prasasti Batu Tulis (Bogor), di sana tertulis : “*Ini sasakala. Prebu Ratu purane pun diwastu diya wi ngaran Prebu Dewataprana diwastu diya dingaran Sri Baduga Maharaja Ratu Aji di Pakwan Pajajaran Sri Sang Ratu Dewata*”.

\*Sri Baduga Maharaja **masa kecilnya** diasuh dan dibesarkan bersama kakenya bernama Prabu Wastukencana (Majalah SIMPAY, Edisi 01/Mei/2012).

-----||-----  
**Misi Da’wah ka Istana Galuh**, Ku Raja Eyang Prabu Wastukencana, Haji Baharudin /Bratalagawa (JAYA ANTEA versi Pantun Bogor Rakéan Kalang Sunda) téh ditamping kalayan dariya, nanging perkawis tujuan Da’wahna, Karajaan jeung Rahayatna geus maké **Patokan Gusti** /Tatanan ti Sanghyang Agung /Ageman Amanat Luluhur. Haji Baharudin salaku terah Karajaan kénéh, lajeng kaluar ti Karaton maksad bade teras deui ka Cirebon, disapaparot jalan tangtos waé ku rahayat Galuh pada ngahormat, misi ka Istana na teu acan hasil, neras da’wah ka rahayatna. Satiap dugi dipadukuhan, mantena teu lepas bari da’wah, nyaaa... sabagéan aya anu milu sareng Haji Baharudin “pindah Ageman”, réa kénéh ogé anu pengkuh mertahankeun Ageman-nana waktu harita mah.

**Haji Baharudin** neras ka Cirebon bari mawa batur “rahayat” anu ngabdi /mi Guru ka mantena. Mingkin hareup-mingkin hareup, rahayat Galuh mimiti sahéng ku masalah Ageman, réang patéma-téma, pamakéna geus warna-warni, carita na ogé warna-warni Prabu Anom “anu bakal jadi Raja” satuluyna /terah Karajaan anu parantos ngagem Islam, kitu raména...

<http://sunda.andyonline.net/2011/07/islam-di-sunda-geus-sumebar-2-abad.html> : =

Abad ka-15, kira-kira taun 1416 Maséhi, di Tanjungpura (Karawang) badarat Ulama ti Campa (Viétnam), Syéh Hasanudin nu tadina milu ka rombongan armada Cina nu dipingpin ku Laksamana Chéng Ho. Di Karawang, Syéh Hasanudin nu katelah ku julukan Syéh Quro ngadegkeun pasantrén.

-----

Ku raja-raja Sunda, ceuk Undang Darso, sumebarna agama Islam di tatar Sunda, henteu dipandang hiji ancaman. “Nu matak Prabu Wastukencana teu ngaharu biru Haji Purwa (Haji Baharudin), Syéh Quro, Syéh Datuh Kahfi nu nyebarkeun agama Islam di wewengkon Pantura Jawa barat. Asal ulah ku cara paksa pirusa, ulah tepika ngabalukarkeun riributan,” pokna.

\***Ulama Campa** (Raja Campa)=Syéch Abu Abdullah nikah ka Condrowati, Silsilahna di :

<http://sukapura.files.wordpress.com/2014/01/suga.pdf> ; halaman : 16.

||-/-Rombongan Laksamana Cheng Ho, perang PARÉGRÉG-\\-teu acan kabahas didieu!????.

**Catetan** : 1). Eyang Prabu Wastukencana (Raja) = teu ngaharu biru /teu dihukum /teu ngahalang-halang Haji Baharudin ku pédah geus pindah Ageman, lianti éta Haji Baharudin /Bratalagawa masih terah Galuh. Anu Luhung tur Wijaksana dipalih dieu SAHA?, naha Haji Purwa /atawa Prabu Wastukencana?...hehe ☺.

**Catetan** : 2). Armada PERANG Cina lengkep jeung Rebuhan tentarana kaasup Syéch Abu Abdullah (Raja Campa, asal turunan GUJARAT “Bukan Cina”) + Syéch Hasanudin anu milu dina éta rombongan dipimpin ku Laksamana Cheng Ho, di PASUNDAN?Ya... teu kajadian Perang, tapi di wétan kawéntar Perang PARÉGRÉG téa.

**Catetan** : 3). Haji Baharudin tukang Lalayaran dugi ka Cina baheula naha tepang sareng Laksamana Cheng Ho + Syéch anu sanésna “tepat sono sa-Ikhwan Muslim???” anu ngajantenkeun Armada Perang Cina ieu teu peperangan di Pasundan téh, naha kupédah aya Bangsawan Galuh anu parantos Muslim???... “wallohu’alam”, anu jelas, Eyang Prabu Wastukencana salaku Raja ngaluarkeun ultimatum ka Haji Baharudin, Syéch Hasanudin (Syéch Quro), Syéch Datuh Kahfi nu nyebarkeun agama Islam di wewengkon Pantura /basisir Jawa Barat ayeuna : “Asal ulah ku cara paksa pirusa, ulah tepika ngabalukarkeun riributan /Peperangan”. Dipalih dieu deui anu Elmu Luhung tur Wijaksana dina hal AGAMA saha?, ...hehe ☺.

Eyang Prabu Niskala Wastukencana, parantos nyiapkeun **putu na** (Sri Baduga /Dewataprana, Majalah SIMPAY, Edisi 01/Mei/2012) dina widang ka-Rohanian, ka-Pamaréntahan jeung widang-widang séjénna, Eyang Prabu Ningrat Kancana anu ngagentos Ramana, dina Kapamimpinan nana langkung nguatkeun kana widang rohani (KaResian) tinimbang kana Kapamarentahan nana (KaRamaan), ku hal sakitu mantena kawentar gelar **Dewa Niskala**.

**Putra** Eyang Dewa Niskala (Dewataprana, anu diasuh, ageung sareng Akina), masih ngora tapi geus kakoncara satatar Pasundan, para PANDITA (Ahli Kaagamaan Sunda-Galuh) diunggal padukuhan kalintang ngahormatna, **putu** asuhan Eyang Prabu Niskala Wastukencana, nguatkeun deui Jati Sunda satatar Pasundan kalayan PAKU JAJAR, nuju ngalalana-na rupi-rupi nami landian ka anjeuna sakumaha kalungguhan anu nuju dipedarna baé. Saparantosna diistrénan janten Raja, gelarna Sri Baduga Maharaja /**Jaya Dewata**, Nagarana Galuh Pakwan Pajajaran.

Salajengna pikeun nentremkeun rahayat Pajajaran waktu harita anu ahéng ku loba masalah, kaasup kaAgamaan, Istana Kraton Galuh Pakuan Pajajaran ngaluarkeun embaran / sapertos “Ma’lumat /Fatwa” :

Catetan, kening ti Ambu Richadiana Kartakusumah :

Pada masa pemerintahan Sri Baduga Maharaja /**Prabu Silihwangi** ada embaran mengenai pedoman hidup /19/” ... *tan krêta ja lakibi dina urang reya, ja loba di sanghiyang siksa*”.

*“Tidak merasa aman yang berkeluarga di lingkungan khalayak karena mereka **yang melanggar** Sanghyang Siksa”.*

Sri Baduga Maharaja /Jaya Dewata nikah ka Kentring Manik puputra **Surawisesa**, Sri Baduga ogé nikah ka Subanglarang (Putri Syééh Datuh Kahfi) puputra Larasantang+Rakean Santang. Larasantang + Rakean Santang diajar Islam ku Akina (Syééh Datuh Kahfi) ogé Rakean Santang ngalalana diajar kaAgamaan kaunggal tempat teu kalangkung ka para Pandita. Larasantang ditikah ku Maulana Malik Ibrahim puputra Syarif Hidayatullah (Sunan Gng.Jati). Pangeran Cakrabuana (Rakean Santang /**Ki Santang**) ngagem Ilmu Islam sareng ajaran /Ilmu ti Para Pandita (Resi-resi) Karajaan Galuh Pakuan Pajajaran waktos harita.

Lacak Ki-Santang /Pangeran Cakrabuana.

Dina Uga **WANGSIT SILIWANGI** :

“Dia nu di beulah kulon! Papay ku dia lacak **Ki Santang!** Sabab engkéna, turunan dia jadi panggeuing ka dulur jeung ka batur. Ka batur urut salembur, ka dulur anu nyorang saayunan ka sakabéh nu rancagé di haténa....”.

Kutipan **PANTUN BOGOR** (Rakean Kalang Sunda) :

Samalah Nyaliara Aya Beja; Yen Mun Raja Pajajaran; Terus Bae Mumunjung Ka Matapoe; Nagara Pajajaran; Baris Lebur Kahuru; Baris Kalaparan Euweuh Tumbalna!....  
Cenah Tumbal Hiji2na Nyaeta Raja Mudu Disundatan; Jeung Somah (Rahayat) Sakabehna; Mudu Ngucap Hiji Mantra Nu Basana Lain Basa Pajajaran !!!  
Tapi Saenyana Mah; Ceuk Nu Nyaho Rahasiahna; Eta Mantra Tea; Dina Hartina **Sabenerna** Sarua Bae; Jeung MANTRA Pajajaran, Beda Soteh ; Ngan Wungkul Dina Petana! (Cara "**Syari'at**"-na)  
Jelema Anu Nyieun Somah Pada Barobah; Jadi Dangka Ka Rajana; Jeung Mariceun Tali Paranti Karuhun; Ku Raja ("Eyang Prabu Wastukencana") Teh Kanyahoan!.....

**Catetan** : 1). T tutur Amanat intern Karajaan, Eyang Prabu Wastukencana ka **incu na** => Sri Baduga Maharaja /Jaya Dewata => dicatet ku para pengikut setiana anu ngiring waktos Mundur Na Pajajaran "**Sanés ka Alam Jin!!!**".

**Catetan** : 2). *Sanghyang Siksa: Kanda ng Karêsyân, Sewaka Darma...*, naskah masa Sri Baduga Maharaja, WANGSIT SILIWANGI, PANTUN BOGOR Rakean Kalang Sunda, sareng naskah-naskah anu sanésna, **nandeskeun** yén Sri Baduga Maharaja /Jaya Dewata anu teu incah balilahan dina AGEMAN-nana /atawa Non Muslim /atawa "Non Ciri+Cara Syari'at Islam=ARAB" dugi ka wafatna /dikubur biasa.

Kutipan **PANTUN BOGOR** (Rakean Kalang Sunda) :

//.....Geumpeur- keu2ng- sieun- ambek- rusuh- nyeri- sedih- keuheul....!  
kabeh jadi hiji dina tarungna URANG PAJAJARAN **ngalawan musuh anu bilanganana hanteu nanding**; jiga geus kitu muduna; ditangtukeun KU NU NYIEUN LALAKON;  
silalatu jiga disebar kamana-mana; nyundut hateup imah nu jarauh; .....//

Ngalawan bari Mundur, Mundur bari Ngalawan, Mundur Lain Éléh Jajatén, Tapi Mundur Nedunan PASTÉN!!!., Papastén Nu Nyieun Lalakon, Sanghyang Jagat Nata (GUSTI). Salajengna Cunduk Waktu dina Mangsa-Na, Sri Baduga Maharaja **ngadugikeun** Papastén-Na(GUSTI) anu katelah jaman ayeuna **WANGSIT SILIWANGI** :

//.....Lalakon urang ngan nepi ka poé ieu, najan dia kabéhan ka ngaing pada satia! Tapi ngaing henteu meunang mawa dia pipilueun, ngilu hirup jadi balangsak, ngilu rudin bari lapar. Dia mudu marilih, pikeun hirup ka hareupna, supaya engké jagana,

jembar senang sugih mukti, bisa ngadegkeun deui Pajajaran! Lain Pajajaran nu kiwari, tapi Pajajaran anu anyar, nu ngadegna digeuingkeun ku obahna jaman! Pilih! ngaing moal ngahalang-halang. Sabab pikeun ngaing, hanteu pantes jadi Raja, anu somah sakabéhna, lapar baé jeung balangsak.....dst.---//

-----Dayeuh Pajajaran parantos ancur lebur, dayeuhna teu kasampak (ancur!) -----

Pasukan anu ngatasnamakeun “Islam” dipimpin ku Al-Kowanah /**Jaya Antéa**, anu ngaku-ngaku Prabu Anom /**terah** Galuh raména “pewaris Raja anu parantos ngagem Islam” ngarurug Istana Galuh Pakuan Pajajaran. (PANTUN BOGOR Rakean Kalang Sunda).

||-----Numawi aya dongeng sumebar ayeuna dimasyarakat “Prabu Siliwangi (Bapak) éléh perang ku Budakna (Prabu Kiansantang), teras Prabu Siliwangi jeung baladna jadi Urang Leuweung /Jadi Maung /meong Belang /meong Putih, bahkan ngahyang ka Alam Jin...cenaah, Rakyat pengikut Prabu Siliwangi ogé dikutuk janten **Lauk Dewa** Cibulan-Kuningan ayeuna”.

Ieu... tugas Urang Sunda saréréa pikeun menerkeun nana!-----||

Ki Santang anu SAJATI-na lungsur ti Patapaan Gunung Cakrabuana, lajeng ngayakeun runding siang wengi dina sababaraha kali di Cirebon (“di Cirebon aya tempat Sawalana Pangeran Cakrabuana”), nyawalakeun sareng Maulana Malik Ibrahim, Sunan Kalijaga, Sunan Bonang, Sunan Gunung Jati (masih muda). Wirehna aya kajadian Pasukan ngatasnamakeun Islam “Jihad” anu ngarurug Karajaan Galuh Pakuan Pajajaran.

**Jaya Antea**+Pasukan-na éta ngalanggar aturan Amanat Luluhur Eyang Prabu Wastukencana salaku Raja waktu baheula ka Haji Baharudin, Syééh Hasanudin (Syééh Quro), Syééh Datuh Kahfi nu nyebarkeun agama Islam **Wiwitan** di wewengkon Pantura /basisir Jawa Barat ayeuna : “Asal ulah ku cara paksa pirusa, ulah tepika ngabalukarkeun riributan /Peperangan”.

Sunan Kalijaga lajeng nepangan Sultan Demak (Raden Patah) “**Anu keur Jaya di wétan**”. Singketna, Pasukan Demak anu dipimpin langsung ku **Raden Patah** ngagabung sareng pasukan kasultanan Cirebon anu dipimpin ku **Ki Santang** SAJATI pikeun newak+ngahukum Jaya Antea anu ngaku-ngaku Prabu Keansantang “pewaris Tahta Raja cenaah!”. Pasukan gabungan ieu langsung dipimpin ku Ki Santang gelarna **Pangeran Cakrabuana**.



**WANGSIT SILIWANGI** : *“Daréngékeun! Nu kiwari ngamusuhan urang (Jaya Antéa /Al-Koawanah dan Pasukan-nya), jaradi rajana ngan bakal nepi mangsa, ...”*.

Pasukan **Jaya Antea** anu keur **ngawasa Istana** Galuh Pakuan Pajajaran (Istana Bogor Ayeuna) akhirnya bubar, sumebar teu puguh arahna, sumebar kamana-mana, Jaya Antéa anu ngangken Prabu Kiansantang ditewak /dihukum **ulah incah ti wewengkon** anu ayeuna disebut ngaran GODOG (Panggodogan), Sancang-Garut.

Lajeng disawalakeun deui kanggo ngalajengkeun deui Galuh Pakuan Pajajaran **“Pajajaran Anyar”**, Pangeran Cakrabuana milih mulih, lajeng netep di Cirebon neraskeun nyesepeuhan Kaagamaan, sedengkeun **Prabu Surawisesa** neraskeun, ngawangun deui Tatanan Karajaan dina kondisi parantos lemah ku kondisi **“Dayeuh teu Kasampak”** katambah rahayat Pajajaran + para Pandita Pajajaran anu satia nyarengan Sri Baduga Maharaja parantos sumebar ka Wetan - Kaler - Kulon - Kidul.


\*Masa Penjajahan Portugis & Belanda :

**WANGSIT SILIWANGI** : *“...tanah bugel sisi Cibantaeun dijieun kandang kebo dongkol. Tah di dinya, sanagara bakal jadi sampalan, sampalan kebo barulé...”*.

**Pangeran Cakrabuana (Ki-Santang)** anu ngajelaskeun **SAJATI**na Ageman Sunda Pajajaran, TATALI PARANTI KARUHUN (salahsawios Cirina Nyeungeut Menyan; Nyasajén) anu diagem ku ramana (Sri Baduga kalih rahyat Pajajaran) ka Para Wali, Para Santri Islam di Kasultanan Cirebon. Tidieu ngalahirkeun Ulama-ulama **anu ngahormat** ka Karuhun Sunda, Galunggung, Nusantara, ogé salasawiosna ngalahirkeun rupi-rupi Thariqoh Islam anu ngudag kana Ajaran Islam SAJATI-na (Haqiqat-Ma’rifat).

*Sunan Bonang* – pernah bertutur, seperti yang tertulis dalam Suluk Wujil sebagai berikut : Artinya : *“manakah yang disebut sholat yang sesungguhnya?Janganlah menyembah bila tidak tahu siapa yang disembah...”*.

Sri Baduga Maharaja, **Raja** Galuh Pakwan Pajajaran mingkin seungit /mingkin wangi teu kalangkung dikalangan ummat /Ulama Islam harita dugi ka Majapahit - Sultan Demak - Mataram pada mireueus, kawentarna **PRABU SILIWANGI**.



---Halaman : 18.

**Letjen (Purn) H Solihin GP :**

Iraha Siliwangi eleh perang? Gagal dalam satu pertempuran pasti pernah. Tapi, kalah perang tidak ada dalam kamusnya. Dan dijamin tidak akan pernah kejadian.

---Halaman :05.

**Apa Siapa Sejatinya PRABU SILIWANGI**

Layaknya manusia biasa, ia meninggal dunia seperti makhluk Tuhan lainnya. Sama sekali tidak ngahiyang, tilem, atau berpindah ke alam ghaib. Jasad Prabu Siliwangi dikuburkan di daerah Rancamaya, Bogor.

Sebagian materi hasil dari Seminar di Sukabumi Tanggal 05-April-2012.

-----||-----  
**Lalakon Pribadi** dina Nuju Nyukcruk Galur Mapay Laratan Karuhun. Pituduh wartos ti pun

Aki, yen Eyang Prabu Siliwangi nuju Anom na, kantos ibak di sumur 7 Cibulan-Kuningan. Dina sasih Mei-2011, mios ka Cibulan, maksad sim kuring oge rek mandi di sumur 7, namung saméméh mandi, kuncén nyarankeun kudu nyekar “ziarah” heula ka Makam sesepuh lembur Dukuh-Cibulan, namina Eyang PURBA WISESA. Lajeng waé jiarah heula + dipimpin tawasulan ku kuncen. Atuh saterasna simkuring pribadi Neneda Ka Gusti Nu Maha Widi supados ditepangkeun sareng sesepuh lembur di Makam ieu.....-----//

Wangsul ti Cibulan, lajeng laporan ka pun Aki, pun Aki Nangis bungah, ngabenerkeun kana **pamendak** sim kuring yén **Prabu Siliwangi** (Sri Baduga Maharaja) = Prabu **Purba Wisesa** ramana Prabu **Surawisesa** (Bogor). Ari kuncen anu nganteur sim kuring mah terang na teh Sesepuh lembur weeh sareng nami Gedung Pendopo Kuningan PURBA WISESA saurnah dicandak tina nami sesepuh Lembur Dukuh-Cibulan ieu.

Ti kawit Desember 1999 - Mei 2011, pun Aki teu kantos maparin wartos Saha-Dimana Sajatina Eyang Prabu Siliwangi téh. Pun Aki Wafat (Mulih ka Jati Mulang ka Asal), **November-2011**. Pun Aki rupina ngahaja disumputkeun! Papastén Gusti!, dina raraga ngadidik sim kuring “sina ngorehan sorangan, boh dina Sajarahna + pangalaman Ruhani-na!!!”, hehe... ☺.

Pun Aki (Aki babaturan gawé Thn 1998), Desember **1999** kawit ditepangkeun ku babaturan, Aki anu **ngawanohkeun** kana masalah RON /RUH-ARWAH ka sim kuring. Namung nya kitu..., pun Aki mah teu masantrén saurnah, jadi teu bisa ngadalil...hehe ☺.

Sawangsulna, sim kuring salila ngobong dipasantrén “diajar ngaliwet”..hehe ☺, teu diajarkeun Cara /**Metode-na /teu aya** “kurikulum”na dina ngabahas kana ngenalkeun ka Diri masalah Roh /Ruh-Arwah mah. Panjang lalakon, alon-alon bari diteuleuman, disungsi tur dirasa pituduh-piwuruk pun Aki téh, pituduh-piwurukna lain tutunjuk kabatur!!!, tapi estuning kana Diri baé. Salajengna sim kuring mendakan seratan Bapak Engkus Ruswana K, **Pikiran Rakyat. Sabtu, 14 Juni 2003**, <http://sukapura.wordpress.com/2008/06/30/memprihatinkan-penulisan-sejarah-nya-hanya-warisan-penjajah/> ;

Geuniiiing eusina sarua jeung anu keur dikaji ku sim kuring, lajeng dipariksakeun ka pun Aki. Ari pun Aki serii bari pok nyarios “aduh..nyaa-an dikoréhan, kapanggih weee, hehehe ☺”, tiharita sim kuring nembe terang yén **Metode /Cara** Nyungsi Diri, Ilmu ngeunaan Roh pun Aki, silsilah Ilmu-na ti Bapak Mei Kartawinata.

Kumargi sakitu, upami aya sangkut pautna ngeunaan Ajaran Bapak Mei Kartawinata, sim kuring sok rajeun kumawantun ngiring ngajelaskeun nana sakumaha anu ka-alaman tur kasungsi ku pribadi baé, sapertos dina TABAYYUN-II (AGEMAN SUNDA Numutkeun AGEMAN MUHAMMAD) Ping **02-Feb-2012** Masehi. Ping **10-Nov-2012 & 17-Nov-2012** Kapendak Lingga-Yoni kalih Linggahyang (Kabuyutan Galuh Hyang Agung /Galunggung).

Puuun paralun hapunten anu kasuhun ka para Ahli Sajarah, sim kuring ngoréhan sajarah ti marantena, namung sakali deui neda tawakuf sihaputenna upami dina nyimpulkeun, nguraikeun, ngurutkeun sajarahna teu sami sareng pamendak sim kuring, tiantawisna sapertos dina nangtoskeun (Jasadnya di Kubur /tidak Moksa) Makam Eyang Prabu Siliwangi diluhur.

Mulih deui kana perkawis **TATALI PARANTI KARUHUN** sapertos Ngukus, kaserat dina Naskah **Wasiat Karuhun Sukapura** RADEN INDRAYUDA **16 Juli 1892** M dina **tatacara** ngarawat /miara Kabuyutan mangrupi Kujang, Pedang, Goong sareng anu sanesna. Tina data-data ieu oge tiasa dijantenkeun rujukan Ritual KaAgamaan Sunda (Karuhun) masih dianggo kénéh dikalangan Bupati Sukapura. Buktos, anu ngajalankeun **Amanat** Karuhun-na (Leluhur) sanés di BADUY wungkul + **ogé tinangtos** teu kalangan Bupati Sukapura wungkul.


**IBU BATARI + RAMA BATARA**

1


Kutipan Buku Sundakala, Prof. Ayatrohaedi

Anu Mamayung di Gunung Payung "Gn. HALIMUN", Cineam, Tasikmalaya  
 Eyang Dewi Citrawati (Batarihiyang Janapati) + Sudakarna Wisesa (Batarahiyang - Gururesi)  
 Galuh Ratu Sunda (Geger Hanjuang)  
 GaluhRa  
 GaludRa  
 Garuda

Ketika Wijaya menjadi raja Majapahit yang pertama, kakeknya, Sang Prabu Guru Dharmasiksa, sempat memberinya seberkas nasehat, yakni agar jangan sampai mempunyai niat untuk menyerang, apalagi menaklukkan kerajaan Sunda karena dua kerajaan itu sungguh-sungguh adalah bersaudara, dan bahwasanya Majapahit dan Sunda hendaknya saling bahu membahu, tolong-menolong, serta mempererat silaturrahi.



Sumber : <http://kendyferdian.wordpress.com/2012/12/02/silsilah-bupati-soekapoera-tasikmalaya/>, [www.jatiningjati.com](http://www.jatiningjati.com), Penelusuran Sendiri dan Berbagai Sumber...  
 Rd. Joedawikarta : ping 30 Juli 1933 M



Silsilah Keturunan di atas dapat dihubungkan kebenarannya dengan Rupa Kabuyutan di Musium Alit Sukapura sesuai Wasiat Karuhun Sukapura R. INDRAYUDA, 16 Juli 1892 M :

- 1 (satu) Pedang Sintung yang panjang anggoan **Batara Karang anu linggih di Denuh.**
- 1 (satu) Pedang Sintung yang pondok anggoan **Batara Susuktunggal Parung.**
- 1 (satu) Tumbak yang besar panjang **kabuyutan Batuwangi.**
- 1 (satu) Tumbak yang besar panjang anggoan **Kiansantang Pajajaran.**
- 1 (satu) Tumbak cagak besar anggoan **Batara Mandala.**
- 3 (tiga) Kujang Pangarak anggoan **Hariangbanga Majapahit.**
- 1 (satu) Pangetokan **dari Mataran** pemberian Sinuhun ke-1 **Senapati Hingalaga.**
- 1 (satu) Duhung Sampana Kinjeng pemberian Sinuhun Tegal Arum, pertama berdirinya Bupati Sukapura Kangjeng Dalem Wirawangsa, ada lagi temannya 1 (satu) Pajeng Karagenan, 1 (satu) Raksukan, 1 (satu) Tumbak saparabotna Karagenan.
- 1 (satu) Kadali Beusi Ranggah, anggoan **Hariangbanga Majapahit.**
- 1 (satu) Cis pemberian Sultan Cirebon semasa Sukapura berbakti ke Cirebon.
- 1 (satu) Goong Dayan Dayeuh milik **Batara Anteg (R. Sangara)**, Putra Prabu Siliwangi
- 5 (Lima) **Goong Pajajaran** dan Koromong Lokayanti dari **Prabu Siliwangi.**
- 11 (Sebelas) Pelor Beusi dari **Pangeran Jaketra.**
- Macam-macam pakaian dari Sinuhun Tegal Arum

Didamel ping 01-Des-2013 M, ku :  
 RADEN AGUS WRIBUDIMAN

## Menjelang Kemerdekaan-RI; 1900 – 1945 : Sejarah Nusantara Digali Kembali

- Naskah Pangeran Wangsakerta **1678** (Nganteur Pamuka Jalan, di Cirebon).

### WANGSIT SILIWANGI :

//-----Ti dinya, waluku ditumpakan kunyuk; laju turunan urang aya nu lilir, tapi lilirna cara nu kara hudang tina ngimpi. Ti nu laleungit, tambah loba nu manggihna. Tapi loba nu pahili, aya kabawa nu lain mudu diala! Turunan urang loba nu hanteu engeuh, yén jaman ganti lalakon ! Ti dinya gehger sanagara. Panto nutup di buburak ku nu ngaranteur pamuka jalan; tapi jalan nu pasingsal!.-----// : =

- Titi Mangsa 17 September **1927** Bapak Mei Kartawinata, berjuang menyadarkan /membangunkan rasa patriotisme Kebangsaan..dst. TABAYYUN-II, Halaman : 44-51.
- B. J. O. Schrieke, **1916**, Het Boek van Bonang - Utrecht: DenBoer
- Residen Poortman **1928** mendapat tugas dari pemerintah Belanda untuk menyelidikinya; apakah Raden Patah itu benar2 orang Tionghoa tulen?...
- Anthropealeontologi Von Koningswald; Geologi Van Bemmelen.
- Prof. Dr. R.P.Koesoemadinata : “Menjelang Perang Kedua banyak sekali situs artifak (kebanyakan serpihan obsidian) yang diketemukan di bukit-bukit yang mengelilingi cekungan Bandung.”. ....dll.

Salajengna sim kuring ogé sok nyaksian Aki nyasajén, tidinya sim kuring seueur tataros, kumaha maksudna, tujuannana, carana sareng sajabina, saurnah “Tatali Paranti Karuhun” CARA adab Karuhun kapungkur. Panjang lalakon, dugi ka sim kuring nalungtik naha ari di ARAB “Urang Arab Muslim” anu nyeungeut menyan ARAB teu disebut ajaran Hindu, ari di Urang Sunda disakopét daun-keun jeung ajaran Hindu, tuduh Musrik???.

Kapikir ayeuna mah, oooh meureun Sajarah di Urang mah geus sumebar jeung nerap dimasyarakat, dituluykeun ku sabagéan Ahli Sajarah, yén Karuhun Sunda téh Agama Hindu sarua jeung di India, kitu ogé meunang nyutat carita lalampahan Bratalagawa (Cirebon) anu lalayaran dugi ka India “Hindu”, mulih ti Haji disebut Haji Baharudin /Haji Purwa Galuh.

Kalintang bingahna nalika nuju aya lalakon ka-Sukapuraan, maos Naskah Wasiat Karuhun Sukapura Raden Indrayuda, kudu Ngukus (Nyasajén+Nyeunget Menyan) dina ngarawat Kabuyutan Sukapura, bungah margi parantos diajar ti pun Aki téa Ilmu-na.

-----Rasa SukaPura dugi ka Tanjung Pura Pananggeuhan-----

Atuh kabeneran ogé kamari anyar kénéh pun Adi ipar parantos ngabimbing anu UMROH, oléh-oléh na téh tiantawisna nyandak menyan/dupa ARAB kumplit sareng wadahna logo Arab Saudi...lamun di urang mah disebut Parupuyan-nana...heheh ☺.

Numutkeun pun Aki kapungkur : “Kuruhun Sunda mah leuwih ti heula..., Urang Hindu ogé dialajar ti Urang Sunda”. Mangsa kiwari Widi Gusti bukti symbol dina Tunggul dibuka-na :

**KRISNA  
HINDU**



**GALUH RATU SUNDA  
IBU BATARI + RAMA BATARA  
SUNDA**



Tétéla Urang Sunda mah Luhur, Batara Karang Nunggal maparin didikan Ajaran KaBataraan ka Batara Krisna. SUNDA maparin, Simbulna di Luhur nurus ka Handap, HINDU /Hindia /INDIA nampi, wadah calawak aya turusan beureum ti Luhur, symbol Cai Ngeclak = Cikaracak Ninggang Batu, lila-lila jadi Deklok!!!...hehe ☺. Cai=Ka-RESI-an.

Kailhaman /KaInspirasian nongton Film MAHABARATA dina ANTV, lajeng mios ka Kabuyutan ping 31 Maret 2014, nyandak gambar “difokuskeun” anu aya dina Linggahyang. Guuung Aguuung Nu Maha Agung, hatur rebu nuhun ANTV...hehehe ☺.

Naha Kabuyutan SUNDA badé sina diaku Agama Hindu, di aku anu Urang India???

**SAJARAH** anu **Pasingsal** kudu Gotongroyong **Lempengkeun**, **Lain pikeun** dendam Silih Curiga – Silih Tuduh – Silih Salahkeun keur jaman kiwari mah, “Ulah Ngalieuk Ka-Tukang!!!”. Tapi Kudu Silih Lengkepan, Silih Lempengkeun, Silih Asah-Silih Asuh-Silih Asih, Keur SAHA?, keur Urang Sunda kénéh, Umumna Satatar Nusantara.

Atuh teu di aku ku jalma réa Urang Sunda-na mah, sawios Aku sim kuring bae...hehe ☺.

Sakitu heula ti sim kuring, puun paralun ka-sadayana...

hapunten anu kasuhun, sanés kumawantun...

**Rampees....**, Mugi Rahayu Sagung Dumadi.

Baktos \_^\_ , pun

Agus Wirabudiman

Supa Galuh Ratu Sunda

Karang Pamidangan Parahyangan